

ÈSKE W GEN PWOBLÈM KAY POU W RETE?

ÈSKE W AP VIV NAN YON ADRÈS POU YON TI BOUT TAN?



Ou ka toujou enskri lekòl epi resevwa transpò gratis dapre *Lwa McKinney-Vento a*.

KIYÈS KI KALIFYE DAPRE LWA MCKINNEY-VENTO A?

TIMOUN AK JÈN KI PA GEN YON KOTE FIKS, KONVENAB AK YON KOTE
REGILYE LESWA TANKOU SA YO KI ABITE:

- nan yon shelter pou ijans oswa pou fè tranzisyon;
- avèk zanmi oswa paran paske yo pèdi kay yo oswa akòz pwoblèm ekonomik (yo rele sa tou *doubled up*);
- nan yon motèl, otèl, oswa nan kan;
- nan yon vwati, otobis oswa estasyon tren oswa yon lòt kote piblik;
- nan yon bilding ki abandone oswa nan kèk lòt espas ki pa apwopriye; oswa
- nan kèk sitiasyon pou yon ti tan pandan y ap tann yo mete yo nan swen sou kontwòl leta *foster care*.

KI DWA EDIKATIF ELÈV GENYEN LÈ Y AP VIV NAN LOJMAN POU YON TI BOUT TAN?

YO KA:

- enskri lekòl epi asiste kou imedyatman;
- resevwa transpò gratis;
- resevwa manje lekòl gratis san yo pa ranpli yon aplikasyon;
- patisipe nan tout aktivite oswa pwogram lekòl ki disponib pou lòt elèv; epi
- resevwa sèvis edikasyon espesyal imedyatman si elèv la gen yon *IEP* ki aktyèl.

KI KOTE ELÈV KA ALE LEKÒL LÈ YO ABITE NAN LOJMAN POU YON TI BOUT TAN?

YO KA CHWAZI ANT:

- lekòl yo te ye lè yo te abite yon kote pèmanan;
- dènye lekòl yo te ye a; oswa
- lekòl ki sitiye nan zòn kote yo abite pou yon ti tan an.

ELÈV KI TRANSFERE NAN LEKÒL SOUVAN BAY PI MOVE
RANMAN PASE ELÈV KI PA TRANSFERE.

LWA MCKINNEY-VENTO A KA EDE REZOUZ PWOBLÈM SA
A LÈ YO PÈMÈT ELÈV YO RETE NAN MENM LEKÒL LA EPI
JWENN TRANSPÒ GRATIS.



POU PLIS ENFÒMASYON DETAYE,
MANDE LYEZON KI NAN DISTRI W LA
OSWA MANDE *NYS-TEACHS* YON TILIV.
GADE PI BA A POU JWENN ENFÒMASYON
SOU MOUN POU KONTAKTE.

CHAK DISTRI ESKOLÈ DWE NOME YON LYEZON POU EDIKASYON MOUN KI PA GEN
KOTE POU YO RETE KI POU EDE TIMOUN AK JÈN KI PA GEN KOTE POU YO RETE.

OU KA JWEN ENFÒMASYON SOU LYEZON AK LÒT ÒGANIZASYON POU W KONTAKTE YO PI BA A.

LYEZON POU DISTRI

NYS-TEACHS

MANADJÈ PWOGRAM LETA

KOÒDONATRIS LETA

NIMEWO GRATIS
800.388.2014

PAT McGUIRK
518.473.1236

SHELIA EVANS-TRANUMN
718.722.2796

IMÈL: INFO@NYSTEACHS.ORG
SIT WÈB: WWW.NYSTEACHS.ORG

IMÈL: PMCGUIRK@MAIL.NYSED.GOV
SIT WÈB: WWW.EMSC.NYSED.GOV/NYC/HOMELESS/

IMÈL: STRANUMN@MAIL.NYSED.GOV
SIT WÈB: WWW.EMSC.NYSED.GOV/NYC/HOMELESS/